# СУФИЗМ-ИСЛАМДАҒЫ ГУМАНИСТЛИК ТӘЛИЙМАТ

**М.Ж.Атамуратова** – *ассистент оқытыўшы*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар:** ислом, суфизм, тасаввуф, пир, мурид, шариат, тариқат.
**Ключевые слова:** ислам, суфизм, мистицизм, пир, мурид, шариат, тарикат.
**Key words:** islam, sufism, mysticism, feast, murid, sharia, tarikat.

Шығыс халықларының руўхый дүньясына терең кирип, күшли тәсир көрсеткен суфизм-тасаўўыф тәлийматы VIII әсирдиң орталары IX әсирдиң басларында қәлиплесип кең раўажлана баслаған. Суфизм тәлийматы инсанды ең жоқары қәдирият деп билди, әсирлер даўамында инсанды улығлады, оны барлықтың(әлемниң) гүлтажы екенлигин, мийнети, мағрипети ҳәм руўхый пәклениўи арқалы илаҳият әлеми менен байланысыўын көрсетип берди. Бизиң миллий мәнәўиятымыз, миллий идеямыз, улыўма мәмлекетимиз сиясатында өз алдына орын тутқан инсан факторы, оның жоқары қәдирият екенлиги мәселесиниң түп негизлери де суфизм философиясының өмир бахый идеялары менен үнлес келеди.

Суфизм – ислам әлеминде кең тарқалған, Орта ҳәм Жақын Шығыс мәмлекетлери тарийхында терең из қалдырған диний-ағартыўшылық тәлиймат есапланады. Оның тийкарында әлем ҳәм оннан тысқарыдағы пүткил барлықтың шексиз қүдирет ийеси болған Алла жаратқан, жаратылыслардың ең ағласы –инсан, барлық жаратылыс бир-бирине уйғын тәризде жаратылған деген көзқараслар бар. Суфизмге профессор О.Ф.Акимушкин былай деп тәрип берген еди - «Суфизм ислам дининдеги өзгеше мистикалық, диний ҳәм философиялық тәлиймат болып, оның ўәкиллери жеке пәклениў арқалы Аллатаала менен адамның руўхый байланысын орнатыўға болады деп есаплайды» [1:12]. Демек, Аллатааланы таныў адамның руўхый ҳәм физикалық тәрептен пәклениўи арқалы пүткил әлемниң мәнисин аңлаўға умтылыў демекдур.

Жәмийетте адамның саламат руўхый дүньяқарасы таза ҳәм жақсы орталықта қәлиплеседи. Инсаниятқа берилген барлық динлер әне усы мақсетти байрақ қылып алған. Солай етип диний-ағартыўшылық, философиялық – руўхый тәлийматлар, бағдарлар жүзеге келген.

Суфизм ислам дини кирип барған барлық Шығыс мәмлекетлеринде инсанлар дүньяқарасы ҳәм жәмийеттиң руўхый раўажланыўына байланыслы ҳалда түрли ағымлар формасында раўажланған, социаллықсиясий турмысқа илим-пән раўажланыўына тәсир көрсеткен. Инсаниятқа тийисли болған барлық динлер соның ишинде, ислам дининде инсанда шариятты қурал етип гөззал минез-қулықты тәрбиялайды. Суфизм болса тариқатлар жәрдеминде гөззал минез-қулықты жоқары дәрежеге жеткереди.

Суфизм тәлийматының теориялық негизи болған тасаўўыф философиясының ең тийкарғы бағдарларының бири Кубравия. Кубравия тасаўўыф философиясының басқа бағдарлардан инсанды руўхый-манәўий кәмалатқа алып барыўшы жаңа жол, бағдар екенлиги менен түптен парық қылады. Онда инсан тек ғана илаҳият сырларын билиўге умтылыўшы, өзин пүткиллей умытып қойған адам емес, ал өзин өзи аңлаған реал социаллық имканиятларға ийе дөретиўши сыпатында түсиндириледи.

Суфизм тәлийматының және бир бағдары Ахмет Яссаўий тийкар салған Яссаўия тарийқаты. Ахмет Яссаўий ҳикметлеринде инсан шахсындағы унамсыз иллетлерди жүзеге шығарыўшы себеплердиң бири – нәпси екенлиги айтылады. Нәпси себепли инсанда ашкөзликке, урлыққа тән қәсийет пайда болады. Нәписиге берилген адам ҳәр қандай жаман ислерден кайтпайды. Ойшылдың пикиринше, бундай иллетке соққы бериўши қүдирет-сабырдур. Қанаат пайда етиў, барына шүкир қылыў. Ол адамларды билимге шақырады. Әлемниң сырларын билиўге шақырады. Қәлбинде Алла руўхы бәрҳама жасаған адам ғана әлемди биле алады. Надан, тәкаббыр, саўатсыз, дыяанатсыз адамлардан жеркенеди. Ата-анасын ҳүрмет қылмайтуғын руўхый пәс адамлардан қатты ғәзепленеди. Адамлардың бул дүньядағы ислерине дурыс баҳа беретуғын сол жәҳәннемде де надан адамлар менен бирге болмаслықты уқтырады. Себеби, наданлық- адамның пәске кетиўидур дейди. Соның ушын да, ол наданлықтан қашып «жер астына кирдим»-деп жазған еди [2].

Нақшбандий бағдары, Яссаўий тарийқатынан ең әўеле тәркидүньяшылықтан ўаз кешип, адамларды ҳадал мийнетке шақырғаны менен парық қылады. Басқаша айтқанымызда, нақшбандия биреўлердиң есабынан жасаўға қарсы шығады. Тек ғана өзиниң маңлай тери менен қылынған мийнети менен табылған ырысқысын ҳадал деп есаплайды. Нақшбандийдиң пикиринше, «инсан берекетиниң басланыўы ҳадал ишип жеўде» [3]. Соның ушын инсан мәнәўий жетик болыўы ушын ҳадал мийнет қылыўы зәрүр.

Суфизм тәлийматының ортаға қойған баслы мәселеси - адам ҳәм оның Аллатаалаға болған мүнәсибети. Суфийлик жолға түскенлердиң бас мақсети - руўхый ҳәм физикалық тазаланыў, пәклениў арқалы руўх пенен денени бир-бирине сәйкеслендириў арқалы инсан дәрежесине көтерилиў ҳәм ең соңында Аллатааланың (ҳақтың) дийдарына жетисиў. Оның ушын ҳақ дийдарына шын ашық болыў керек. Аллаға муҳаббат суфийды ҳәр қыйлы гүнә, кемшиликлерден, нәпси менменлик, ҳәм т.б жаман қәсийетлерден қутқарады. Суфийлик жолына түсип, ашық болған адам мәнзилге жетиў ушын төрт басқыштан өтиўи керек. Бул басқышлар бири екиншиси менен диалектикалық байланыслы ҳәм бири екиншисине тәсир көрсетеди.

Биринши басқыш шәрият деп аталады. Бул басқышта суфийлар ҳадал менен ҳарамды, жақсылық пенен жаманлықты, мийрим-шәпәәт ҳәм зулымлықты айырады. Шәриятта инсанның барлық ис-ҳәрекетлери дәслепки пайытта еки түрге: ҳарам ҳәм ҳадалға бөлинген еди. Шәрият нызам-қағыйдаларының раўажланып барыўы менен инсан хызмети бес ири өлшем тийкарында басқарылатуғын болды. Бул өлшемлер төмендегилер: парыз-ҳәр бир адам орынлаўы мәжбүр болған ис-ҳәрекетлер; сүннет- мәжбүрий емес, бирақ мақул деп есапланған нормалар; мубоҳ –ыхтыярый орынланатуғын үрп-әдетлер, қағыйдалар; мәкириў-намақул есапланған қылықлар; ҳарам-қатаң қадаған қылынған ис-ҳәрекетлер.

Шәрият нызам-қағыйдаларына әмел қылыў көнликпесин өзинде жәмлеген адам тарийхат басқышына қәдем қояды.

Екинши басқыш –тарийхат(арабша сөзден алынған болып, «жол» деген мәнисти билдиреди) [4]. Яғный, илаҳий мағрипетти ийелеўге бел байлаған адамның руўхый кәмалат жолы. Бул басқышқа өтиў ушын шәриат талапларының барлық басқышларының талапларын орынлап, мусылман дәрежесине жетиў. Суфий бул басқышта руўхый кәмалатқа ерисиўи керек. Тарийхат әдеби талапларына гөре, усы басқышқа қәдем қойған адам, ең әўеле, устаздың сабағын алыўы лазым. Себеби, устаздың(пийр) сабағын алмаған суўпы (мурид) шын мәнистеги руўхый кәмалатқа көтериле алмайды. Соның ушын да, бәркамал инсан дәрежесине көтерилиўди әрман қылған ҳәр бир инсан устаз ҳәм шәкирт (пир ҳәм мурид) мүнәсибетлери шығырығынан өтиўи керек.

Тарийхат қағыйдаларында тийкарынан, шәкирт (мурид,суўпы)ке сабақ бериўши устаз (пир,ийшан)ға үлкен жуўапкершилик жүклетиледи. Шәкиртти кәмилликке қарап жоқары дәрежелерге шарлаўшы устаз, тарийхат әдеби талапларын жақсы билетуғын қәлби Алла мағрипети менен толы болған билимли инсан болыўы керек. Устаздың билиминиң тереңлиги, тарийхат усылларын жақсы өзлестиргени, әдеп-икрамлы жақтан пәклиги, сөзи ҳәм исиниң бирлиги, шөлкемлестириўшилик ҳәм исбилерменлик қәбилети менен ҳәмийше өрнек болыўы лазым. Сабақ бериў барысында өзиниң исендире алыў қәбилети менен басқалардан ажыралып турыўы дәркар.

Устаз ҳәм шәкирт арасындағы инсаный мүнәсибетлердиң жолға қойылыўы руўхый кәмалатқа көтерилиўдиң әҳмийетли шәрти есапланады.

Кәмил пирге мурид (суўпы) болған мусылман өзин үлкен ҳәм машақатлы гүреске салады. Ол өз нәпсисине қарай гүреске түсип, иләҳият илиминиң сырларын ийелеп, түнлерди қудайға ибадат етиў менен өткереди.

Үшинши басқыш-мағрипет(«маърифат»сөзи арабша-«арафа»-билмек сөзинен алынған). Тарийхат әдеплерин толық өзлестирген инсан мағрипет басқышына көтериледи. Бул басқышта суфийлар қудайды ақыл менен емес, ал жүрек сезимлери менен аңлаўы тийис. Мағрипет басқышында суфийлер ҳадаллық пенен ҳарамды, жақсылық пенен жаманлықты, мийримлилик пенен зулымлықты кеўли менен аңлаўы тийис. Пир устаз таңлаў арқалы мурид шәкиртлик жолында болып ҳақыйқатқа жетеди. Суфийлардың пикирине гөре, мағрипет пикирден алдын пайда болады ҳәм оны жүзеге келтиреди. Тасаўўыф әдебиятларында келтирилиўинше, Аллатааланың пазыйлетлерин болса, тек илаҳий мағрипет жәрдеминде билиў мүмкин.

Тасаўўыф философиясында корсетилиўинше илим, билим - бул билиў процесиниң нәтийжеси. Инсан барлықтың өзине тән формасы болғаны ушын ол барлықтың белгили бир бөлегин билиўге ылайық. Тасаўўыф философиясы ўәкиллериниң түсиндириўинше билиў процесиниң еки таянышы бар. Биринши таяныш-Қураны кәрим идеялары-билим болса, екинши таяныш-исеним. Илим билимниң ең әҳмийетли қәсийети ол ҳәмме ўақыт өзгеристе. Бундай өзгерис инсан келбетине де өз тәсирин тийгизеди. Әне усындай өзгерислер себепли инсан руўхый кәмилликке қарап бара береди. Өз нәўбетинде усындай руўхый өзгерислер себепли инсан өзин өзи аңлап барады. Өзи ҳаққында түрли мағлыўматлар топлайды, өзиниң ис-ҳәрекетиндеги, минез қулқындағы түрли иллетлерден тазаланып барады. Инсан өзин-өзи қанша көп билсе Алланың пазыйлетлерин сонша көп биледи. Әне усындай илаҳий мағрипет пенен Аллаға жақынласады.

Төртинши басқыш-ҳақыйқат деп аталады. Оған ерискен суўфий руўхый раўажланыўдың жоқарғы шыңына ериседи. Ҳақыйқат басқышында адам ҳақ пенен дийдарласып, ақырғы муратқа жетип, абсолют ақыл парасат пенен биригип кетеди.

Суфизм(тасаўўыф) тәлийматы мәнис-мазмуны жағынан инсан ҳаққындағы илим. Ол инсанлардың кеўлине, қәлбине, руўхына терең кирип, адамларды ҳәмийше пәкликке ҳәм жақсылыққа шақырған, туўрылық, расгөйлик, ҳадаллық ҳәм тынышлықты ен жайған, жаманларды туўры жолға салған. Суфий уламалар ҳәм олардың шәкиртлери адамларды нәпсиге жеңилмесликке шақырады. Суўфийлик әдеп-икрамлы, қәлби ҳәм руўхы пәк, билими жоқары инсанларды, яғный кәмил инсанларды тәрбиялап кәмалға жеткериўди өзлериниң тийкарғы миннети ҳәм мақсети деп билген. Басқаша айтқада, инсанның руўхый-мәнәўий кәмиликке жетисиўи суфизмниң тийкарғы мақсети есапланған .

Улыўмаластырып айтқанда, суфизм(тасаўўыф) бул илаҳият әлеми, инсан руўхыяты мүтәжликлери ҳәм оның Аллаға болған мүнәсибети ҳаққындағы философиялық тәлиймат.

**Әдебиятлар**

1. Шодиев Р., Бахриева Д. Суфизм в духовной жизни народов Мавереннахра (IX-XII вв). –Самарканд: 2018.
2. Аҳмад Яссавий. Ҳикматлар. -Т.: «Ғафур Ғулом номидаги адабиёт ва санъат нашриёти»,1991.
3. Комилов Н. Тасаввуф. -Т.: «Movarounnahr»- «Ózbekiston», 2009.
4. Чориев Анвар. Инсон фалсафаси. -Т.: 2007, «Ўзбекистон файласуфлари миллий жамияти».
5. Ембергенов У., Шомурадов Ж. Сулаймон Боқирғоний (Ҳаким ота). –Т.: «Ўзбекистон» 2015.

**РЕЗЮМЕ**

Ушбу мақолада суфийлик талиймоти умуминсоний қадиятлар даражасига кўтарилган исломий фалсафий таълимот сифатида кўриб чиқилади ва унинг инсонпарварлик ғояларининг инсон камолотидаги аҳамияти мухокама қилинади.

**РЕЗЮМЕ**

В статье обсуждается учение суфизма как исламская философическая доктрина, которая поднялась до уровня универсальных ценностей, и обсуждается важность его гуманистических идей для человеческого развития совершенствования.

**SUMMARY**

This article discusses the teachings of Sufism as an Islamic philosophical doctrine that has risen to the level of universal values, and discusses the importance of its humanistic ideas for human excellence.

## ТАЪЛИМ ТАРАҚҚИЁТИ ҲАМИША ДОЛЗАРБ: ТАЪЛИМ ОЛИШ ҲАММА УЧУН ОЧИҚ

**А.Елмуратова** - *психология фанлари бўйича фалсафа доктори (PhD)*
**Б.Алламбергенова** - *ассистент ўқитувчи*
*Ўзбекистон давлат жисмоний тарбия ва спорт университети Нукус филиали*

**Таянч сўзлар:** таълим тизими, таълим шакли, шахс, масофавий, сиртқи, кечки, инклюзив, эҳтиёж, қонун, муҳтож.
**Ключевые слова:** система образования, форма образования, личность, дистанционное, заочное, вечернее, инклюзивное, необходимость, закон, нужда.
**Key words:** education service, form of education, person, distance, part-time, evening, inclusive, necessity, law, needs.

Одамзод бу ёруғ дунёга манфаат аталмиш минглаб ришталар билан боғланган, у шу манфаатлар замирида ҳаракат килади, фаолият юритади. Шахс манфаати, жамоа манфаати, мамлакат ҳамда жамият манфаати ҳамиша бир-бирини тўлдириб, бир-бирига таъсир этиб туради. Инсон жамият ичида яшар экан, шахсий манфаатларини атрофдаги одамлар, халк ва мамлакат манфаатлари билан уйгунлаштириб бориши керак. Шу жараёнда у камолга етади, шахс сифатида шаклланади [3].

Жамиятнинг равнаки, мамлакатнинг тараққиёти, фуқаронинг тараққиёти, фуқаронинг моддий ва маънавий манфаатлари қай даражада ривожлангани ва қай даражада қондирилаётгани билан белгиланади.

Ўз қудрати ва салохиятини юксалтиришни кўзлаган ҳар бир мамлакат фукароларининг моддий хамда маънавий манфаатларини қондириш борасидаги фаолият ва ҳаракатларига кенг имкониятлар яратади, эркинликлар беради, уларни рағбатлантиради.

“Таълим тўғрисида”ги янги қонуннинг қабул қилиниши мазкур тизимда янги имкониятлар эшигини очди. 1997 йилда қабул қилинган қонунда [1] назарда тутилмаган таълим олиш шакллари жорий этилмоқда, яъни таълим олиш шаклларининг таснифи кенгай-